

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar tina hasil analisis data anu geus dilakukeun, hasil panalungtikan ngeunaan kecap sipat jembar dina majalah *Manglé* pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP, rangkuman tina hasil panalungtikan saperti ieu di handap.

Tina hasil analisis kapanggih 204 wangun kecap sipat jembar nu aya dina rubrik *Nyusur galur Mapay Laratan, Sungkeman, jeung Tamu* dina majalah *Manglé* édisi Juli dugi ka Désémber 2008. Kecap sipat jembar aya tilu wangun, nya éta wangun kecap sipat rundayan, wangun kecap sipat rajékan, jeung wangun kecap sipat kantétan. Tina hasil analisis anu geus dilakukeun kapanggih 144 wangun kecap sipat rundayan, 29 wangun kecap sipat rajékan, jeung 31 wangun kecap sipat kantétan

Dumasar hasil analisis kapanggih aya 35 adegan kecap sipat rundayan anu ngawengku 4 rarangkén hareup, 2 rarangkén tengah, 4 rarangkén tukang, 7 rarangkén barung, jeung 18 rarangkén gabung. Rarangkén anu marengan nya éta, rarangkén hareup *di-*, *ka-*, *N-*, *sa-*, rarangkén tengah *-ar-*, *-um-*, rarangkén tukang *-an*, *-eun*, *is-*, *-na*, rarangkén barung *di-* *-keun*, *di-* *-na*, *ka-* *-an*, *ka-* *-na*, *pang-* *-na*, *pi-* *-eun*, *pika-* *-eun*, *-ar-* *+ -eun*, *-ar-* *-eun* *+ -na*, *-ar-* *+ -na*, *dipika-*, *di-* *-keun* *+ -na*, *-eun* *+ -na*, *ka-* *-an* *+ -na*, *N-* *-an*, *N-* *-keun*, *N-* *-na*, *pa-* *-ar-* *+ -eun*, *pa-* *N-* *+ -eun*, *pi-* *-eun* *+ -na*, *pika-* *-eun* *+ -na*, *sa-* *-um-* *+ -an*, *sa-* *N-* *+ -eun*, *ting-* *+ -ar-*, jeung *-um-* *+ -na*. Adegan kecap sipat rajékan nu kapanggih aya 12 adegan, nu ngawengku adegan kecap sipat rajékan dwimurni wangun kecapna aya 11, adegan

kecap sipat rajékan dwipurwa wangun kecapna aya 2, adegan kecap sipat rajékan dwiréka wangun kecapna aya 2, adegan kecap sipat rajékan trilingga wangun kecapna aya 2, adegan kecap sipat rajékan dwimurni *-an* wangun kecapna aya 2, adegan kecap sipat rajékan dwimurni *di-* wangun kecapna aya 1, adegan kecap sipat rajékan dwimurni *mang-* wangun kecapna aya 1, adegan kecap sipat rajékan dwimurni *N-* wangun kecapna aya 1, adegan kecap sipat rajékan dwimurni *sa-* *-na* wangun kecapna aya 1, adegan kecap sipat rajékan dwipurwa *di-* *-keun* wangun kecapna aya 1, adegan kecap sipat rajékan dwipurwa *-an* wangun kecapna aya 1, jeung adegan kecap sipat rajékan dwiréka *-na* wangun kecapna aya 1. Ari adegan kecap sipat kantétan nu kapanggih aya 7 rupa, nya éta adegan KS+KS wangun kecapna aya 13, adegan Cak + Kpan wangun kecapna aya 1, adegan KS + KP wangun kecapna aya 4, adegan KP + KB wangun kecapna aya 3, adegan KS + KB wangun kecapna aya 4, adegan KP + KP wangun kecapna aya 1, jeung KP + KS wangun kecapna aya 5.

Harti kecap sipat rundayan anu kapanggih aya 21 harti nya éta '(jalma katilu) dina kaayaan', 'bakal D', 'boga bakat D', 'dibéré D', 'dijadikeun jadi D', 'dijieun jadi D', 'dina kaayaan D', 'jadi D', 'jadi ngarasa D', 'jama/loba', 'kakeunaan D', 'lumampah saperti D', 'méré D', 'miboga sipat D', 'ngalakukeun', 'nyababkeun D', 'nyababkeun jadi', 'paling', 'sarua', 'teu kahaja kakeunaan D', jeung 'teu tangtu'. Harti nu panglobana muncul nya éta harti 'miboga sipat D', ari harti nu pangsaeutikna muncul salasahijina nya éta '(jalma katilu) dina kaayaan'. Harti kecap sipat rajékan nu kapanggih aya 10 harti nya éta, 'dina kaayaan', 'keur lumangsung', 'leuwih', 'loba', 'padahal', 'panganteb',

'rada', 'remen', 'sanggeus', jeung 'terus-terusan'. Harti nu panglobana muncul nya éta 'dina kaayaan'. Ari nu pangsaeutikna muncul salasihijina nya éta 'keur lumngsung'. Harti kecap sipat kantétan nu kapanggih aya 5 harti nya éta 'dina kaayaan', 'jeung', 'miboga sipat', 'ngeunaan', jeung 'saperti kalayan'. Harti kecap sipat kantétan anu panglobana muncul nya éta 'dina kaayaan' ari harti kecap sipat kantétan anu pangsaeutikna muncul nya éta 'ngeunaan'.

Bahan pangajaran kecap sipat jembar bisa ditepikeun di kelas VIII dina mata pangajaran maca wacana kapahlawanan. Ambahan bahan pangajaran kecap sipat jembar ngawengku bacaan wacana kapahlawanan, wangenan kecap sipat jembar, adegan kecap sipat jembar, jeung harti kecap sipat jembar. Standar kompetensi dina bahan pangajaran kecap sipat jembar nya éta *mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa teks kepahlawanan, cerita wawacan, sajak, dan argumentasi*. Kompetensi dasar dina bahan pangajaran kecap sipat jembar memang teu nyampak sacara langsung dina kompetensi dasar nu aya dina kurikulum tapi bisa ditepikeun dina kompetensi dasar *maca wacana kapahlawanan*. Indikator dina bahan pangajaran kecap sipat jembar memang teu nyampak langsung dina indikator tapi diselapkeun dina pangajaran maca kapahlawanan. Indikator dina bahan pangajaran kecap sipat jembar nya éta, bisa maham kecap sipat jembar dina wacana kapahlawanan, bisa ngabédakeun kecap sipat jembar dina wacana kapahlawanan, bisa ngajelaskeun adegan (pola kecap) jeung arti sacara semantik kecap sipat jembar dina wacana kapahlawanan.

Dumasar kana rangkuman di luhur bisa dicindekeun yén dina rubrik *Nyusur Galur Mapay Laratan, Sungkeman*, jeung *Tamu* majalah *Manglé* édisi Juli dugi ka Désémber 2008 kapanggih 204 kecap sipat jembar nu ngawengku 104 kecap sipat rundayan, 29 kecap sipat rajékan, jeung 31 kecap sipat kantétan. Adegan nu kapanggih 54 adegan kecap sipat jembar nu ngawengku 35 adegan kecap sipat rundayan, 12 adegan kecap sipat rajékan, jeung 7 adegan kecap sipat kantétan. Sarta harti nu kapanggih 36 harti kecap sipat jembar nu ngawengku 10 harti kecap sipat rundayan, 5 harti kecap sipat rajékan, jeung 7 adegan kecap sipat kantétan. Kecap sipat jembar miboga wangun, adegan tur harti dina wangun tulisan nu mangrupa majalah sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

5.2 Saran

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun, di antarana:

- a. Perlu panalungtikan nu leuwih jero ngeunaan kecap sipat jembar nu dicokot tina panalungtikan langsung di sakola pikeun bahan pangajaran;
- b. Panalungtikan kecap sipat jembar ulah ngan saukur dina wangun tulisan mungkul tapi ogé dina wangun lisan saperti basa nu digunakeun ku penyiar radio;
- c. Bahan pangajaran dina ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun materi nepikeun bahan pangajaran di sakola.